

Inama nkuru yibihugu bihirikiye mw'ishirahamwe mpuzamakungu

Un.bmp

Distribution generale

31/10/2000

Iningo rya 1325

Ryafashwe n'inama yibihugu bikuru ijejwe umutekano nu nama yayo igira 4213 ku taliki rya 30/10/2000

Inama nkuru yibihugu ijejwe umutekano mu shirahamwe mpuzamakungu

Yibutse ingingo ya 1261 ryafashwe italiki ry'a 25/08/1999, ingingo 1265 ry'o kw'italiki ya 17/09/1999 ingingo 1296 ryo ku taliki 19/04/2000 n'ingingo rya 1314 ryo ku taliki ya 11/08/2000 bifatanye n'amajambo yavuzwe n'umukuru wiyo nama , vyibutse ijambu umukuru wayo yabwiye abamenyesha makuru ku munsi ishirahamwe mpuzamakungu wibuka agateka kazina muntu k'abagore n'amahoro mumakungu uwo munsi ukaba ari italiki 8/03/2000 (sc/6816),

Yibutse kandi n'amasezerano ya beijing , hamwe n'amasezerano yadintswe mur'upapuro rwa sohotse umunsi w'inama ya 23 yi Shirahamwe mpuzamakungu ihura , ikaba yari inama yerekeye agateka n'iterambere ry'abagore mu myaka 2000 , cane cane abagore mu gihe ci rwano,

Itibagiye ubushakashatsi buri inyuma y'amasezerano y'ishirahamwe mpuzamakungu, n'uruhara rukomeye ibiro bikuru bijewe umutekano bifise mukuguma biharanira amahoro n'ubutekane mu bihugu vyose vyo kwisi.

Itewe n'agahinda ko abantu bato bato cane cane abagore n'abana aribo benshi bagwa mu mporero ige c'irwano, baba bari abateshejwe muvyabo, canke abahunze ibihugu vyabo bakaba ari bo imirwi yitwaza ibirwanisho itumbera . bikaba bifise impanuka mbi ku mahoro n'ubutungane mu gihugu,

Vyishimikije k'uruhara runini umukenyezi afise mukuronderera umuti amacakubiri no guharanira amahoro, bishimikije ko abapfasoni bakwiye kuronka uruhara rungana n'urw'abagabo mu kurondera ayo mahoro , kandi bakaronka ijambo rinini cane muvyerekeye ku gwanira amahoro,

Vyemeyeko hakeneye ko hategugwa ingingo mpuzamakungu yerekeye agateka kazina muntu k'abapfasoni n'abigeme ige c'irwano canke mu nyuma wavyo,

Bishimitse ku bushaka bwabose bwo gukura imitego izikwa yica abantu no kwigisha abanyagihugu kuyirinda cane cane abapfasoni n'abigeme,

Bibonye ubushakashatsi bwihuta bwo abapfasoni n'abigeme baronka uruhara runini kandi rungana n'urw'abandi mu bikorwa vy'ubungabunga amahoro vy'ishirahamwe mpuzamakungu nkuko vyategekanje mu masezerano ya windhoek yitwa Windoek declaration and Namibia plan of action on mainstreaming a gender perspective in multidimensional peace Support operations(s/2000/693),

Bibonye ubuhambare bukomeye bw'ijambo yavuzwe n'umukuru wayo abwira abamenyesha makuru ku taliki rya 8/03/2000 yerekeye ukwigisha abasirikare bayo kugwanira agateka k'abapfasoni n'abana mugihe c'ingwano,

Bibonye.ubumenyi bw'ingaruka mbi ingwano ifise kubapfasoni n'abigeme cane cane , kandi hakwiye inzego zishasha zokubagwanira , no kubaronkeza ijambo n'uruhara runini kurusha muku rwanira amahoro n'ubutungane mugihugu,

Bibonye ubushakashatsi bukomeye bwo kuronka amakuru menshi kurusha kuvyerekeye impanuka mbi ingwano ifise ku bapfasoni n'abigeme cane cane,

1 Irasavye ko ibihugu bize iyi shirahamwe bagire ivyo bashoboye kugira abapfasoni babe benshi kurusha murwego vyo gutwara haba hari mugihugu canke mu vyego mpuzamakungu, no mumashirahamwe arwanira amahoro mu bihugu vose vyo kwisi;

2 Irasavye ko umunyamabanga mukuru w'ishirahamwe mpuzamakungu yorondera uburyo bushimishije bwuko abapfasoni babe benshi mu rwego bw'inama mpuzamakungu bwo kugwanira mahoro mu bihugu .vyo kwisi;

3 Irasavye umunyamabanga mukuru w'ishirahamwe mpuzamakungu ko yogena abapfasoni benshi kurusha mu ntumwa zimuserukira mu bihugu vyo kwisi yose , irasavye ko ibihugu bigize iyinama vyorungika amazina y'abapfasoni bashobora kuzotorwa kuserukira inama mpuzamakungu;

4 Irasavye umunyamabanga mukuru w'ishirahamwe mpuzamakungu ko yoha abapfasoni uruhara rukomeye kurusha mu bikorwa vy'ishirahamwe mpuzamakungu cane cane abasirikare bayo , abajejwe umutekano, n'abaharanira amahoro n'ubutungane mu bihugu;

5 Irerekanye ubushakashatsi bwo kushiramwo ibiharuro bingana vy'abapfasoni n'abagabo mubasirikare bayo bajejwe kugarukana amahoro;

6 Irasavye ko umunyamabagna mukuru w'ishirahamwe mpuzamakungu yo gutanga inyigishu ku bihugu bigize iyo nama kuvyerekeye kurwanira agateka k'abapfasoni n'ubuhambare bwo kubashiramwo mu bikorwa vyo kugwanira amahoro . irasavye kandi ko ibihugu bigize iy'inama bitanga izo nyigishu bifatanye n'inyigishu yerekeye kugwanya ingwara sida , cane cane abasirikare bayo bashobora kuzorungikwa mu bihugu ,vy'ingwano. Irasavye umunyamabanga mukuru w'inama mpuzamakungu ko ishirahame ritanga izo myigisho ku basirikare bayo;

7 Irasavye ibihugu bigize iy'inama ko batange ifashanyo ikomeye kurusha ,ry'amahera canke mu kurungika abahinga , muri uwo mugambi wo kwigisha , tutibagiye n'inyigishu zitangwa bivuye mu mahera yatanze n'ikigega co gufasha abagore n'abana c'inama mpuzamakungu. Nibiro vy'ishirahamwe mpuzamakungu iraba abateshejwe muvyabo. HCR;

8 Iirasavye imirwi irwanira ubutegetsi ko bariko barondera amahoro mu bihugu vyaboko:

a. Boshimika ku nkenerwa bikomeye abapfasoni n'abigeme bakeneye mugihe abantu bateshejwe muvyabo basubira iwawo ku matongo no mukazi bahoramwo;

b. Bafata umugambi ushigikira guha uruhara runini cane kurusha abagore mu kugarukana amahoro mu gihugu

c. gushigikira umugambi wo rwanira agateka kazina muntu , cane cane k'abagore n'abigeme, ikaba ari umugambi ujanye ni mbwirizwa nshingiro, imbwirizwa rigenga amatora, abajejwe umutekano, n'urwego bw'amasantare.

9 Irasavye abagwanira ubutegetsi kubaha ingingo mpuzamakungu yerekeye agateka k'abapfasoni n'abigeme cane cane barya batariko baragwana nkuko amasezerano ya geneve ya 1949 , amasezerano ya 1977, amasezerano yerekeye abahunze ibihugu vyabo rya 1951 , aya 1967, amasezerano yokugwanya amacakubiri afatiye kugitsina yo mu mwaka 1979 , n'umwuganiro wayo mu mwaka wa 1999, amasezerano mpuzamakungu ya gateka k'abana yo mu mwaka wa 1989 n'umwunganiro wo ku taliki rya 25/05/2000 abivuga , tukaba tutibagiye amasezerano ya roma ya sentare mpuzamakungu .

10 Irasavye imirwi irwanira ubutegetsi ko fata imigambi irashe yo kugwanira gateka k'abagore n'abigeme ,cane cane kugwanya inkozi zikibi zifata ku nguvu no gushurashuza abigeme n'abagore mu gihe c'ingwano.

11 Irashimitse kuruhara runini amaleta afise mu kugira ivyo bashoboye vyose mukugwanya uruhagarara mubihugu vyabo . no guciria urubanza abantu bagirizwa ubwicanyi buhagaze kubwoko ,ubwicanyi bw'azina muntu,, n'ubwicanyi bwo gufata ku nguvu abagore n'abigeme, kandi yuko ubwo bwicanyi budashobora kubabarirwa .

12 Irasavye imirwi irwanira ubutegetsi ko bokubaha aho abateshejwe muvyabo bahungiye ,cane cane kwisunga ivya nkenerwa vya abagore n'abigeme ni bituma vyavyo. Bishikije ku ngingo 1208(1998) yo ku taliki rya 19/11/1998 n'ingingo 1296 ryo kwa 19/04/2000 ;

13 Irasavye urwego rushinzwe kutwara ibirwanisho , no kusubiza imirwi yitwaje ibigwanisho mu buzima busanzwe yo kutazokwibagira yuko abagore n'abagabo bafise ivya nkenerwa bitandukanye hamwe n'abana;

14 Ishimikije ko vyiteguye , mugihe ingigo yafashwe ikurikije ingingo rya 41 ry'imbwirizwa nshigiro mpuzamakungu , yuko bizo kwihiweza ingaruko bishobora kugira ku banyagihugu tutibagiye gushimika ku vya nkenerwa vy'abagore n'abigeme cane cane;

15 Yerekanye ubushakashatsi bw' ibiro bikuru bijejwe umutekano mu nama mpuzamakungu yuko bwisunga ivya nkenerwa bikomeye vya bagore n'abigeme muguhanuza amashirahamwe yabakenyezi murico kirere bagomba kurungika abasirikare;

16 Irasavye umunyamabanga mukuru w'inama mpuzamakungu ko yo girisha inama abahinga kuvyerekeye imgaruko mbi ingwano ifise ku bagore n'abigeme cane cane , uruhara abagore n'abigeme bafise mugarukana amahoro , kandi irasavye ko umunyamabanga mukuru w'ishirahamwe mpuzamakungu azoshikirije inama nkuru y'ibihugu ijewe umutekano y''ishirahamwe mpuzamakungu urupapuro yivyo iyo nama y'abahinga izoba yashitseko.ibihugu vyose bigize iyinama bizoshobore kusoma urwo rupapuro.;

17 Irasavye umunyamabanga mukuru w'ishirahamwe mpuzamakungu ko muri urwo rupapuro yoshamwo ubuhinga bwuko abagore n'abigeme bagire uruhara rukwiye kandi rungana n'urw'abandi mu bikorwa vyobungabunga amahoro vy'ishirahamwe mpuzamakungu;

18 Ifashe ingingo yokuguma ikurikirana ivyo bikorwa.